

Dwa refijye yo sou fwontyè a

Yon gid de konesans lalwa pou moun ki pa sitwayen ameriken kap vini Kanada soti etazini pou fè demand azil.

Ou gen dwa pou chache proteksyon pou ou ak pou fanmi'w. Gid sa a se pou ba ou plis enfòmasyon pou ede'w nan desizyon wap gen pou pran yo. Se enfòmasyon jeneral se pa konsèy legal. Gen anpil detay espesifik ke ou dwe teni kont de yo en plis de enfòmasyon wap jwenn laa. Tanpri konsilte yon avoka.

Gid sa se Kominote Legal Inyon de dwa Ontaryo ki metel sou pye ak biwo Pèsòn Pa llegal. Epi se biwo legal afriken ameriken ki sipòtel.

Si wap antre Kanada de yon pò (fwontyè)

Yon pò antre se yon kote ou ka antre legalman Kanada. **Antre pò terès** se yon kote moun ki a pye ,nan bis, sou bekan ,nan tren oubyen nan machin ka antre Kanada soti etazini. Lòt pò antre se ayewopò ak pò maritim.

Kanada ak etazini siyen yon akò ki rele **Akò sekirite twazyèm peyi ki anpeche anpil moun mande azil Kanada lè yo rive nan yon pò antre terès si yo soti nan yon peyi kote yo gen dwa fè demand lan.**

Gen twa(3) eksepsyon prensipal nan intèdiksyon sa a .Sa vle di menm si ou rive nan pò antre terès, sou fwontyè a, ou ka kalifye pou ou fè demand azil.

1) Ou ka kalifye pou fè demand azil si ou rive sou fwontyè ya depi ou **gen fanmi ou ki reside kanada**, kankou: patnè menm sèks avè'w, mari'w oswa madanm ou, yon moun ou nan konkibinaj avèl, plasé nan kay, yon moun ki se yon responsab legal (si moun kap mande azil la poko gen 18 an) e tou si ou se pitit , paran, frè ak sè, gran paran ,pitit pitit ,mononk ak matant neve ak nyès yon moun ki reside Kanada. Men se pa tout manm nan fanmi an ki kalifye.

Ou dwe pwouve ofisye imigrasyon an lè'w rive sou frontyè a ke ou gen fanmi ki **fizikman abite nan peyi a** eki **gen papye kanada**. Gen papye vle di: ke moun lan pase demand azil li, eksamen risk avan renvwa, ke li residan pèmanan, sitwayen kanadyen oswa li gen pèmi travay ou pèmi etid oswa li fè demand azil men li poko pase devan jij. Wap bezwen infòmasyon kontak moun saa paske ofisye imigrasyon an ka kontakte fanmi'w sa pou poze'l kesyon. Wap bezwen papye ki konfime relasyon'w ak moun sila a ak stati yo nan Kanada.

2) Ou kapab kalifye pou fè demand azil lè ou rive nan pò terès frontyè a, si ou se yon **timoun ki pa gen granmoun avèl** sa vle di timoun ki poko gen 18 an men tou, ki pa marye ki vini Kanada san yon granmoun oswa san yon moun ki responsab li Kanada ou Etazini.

3) Ou ka kalifye pou fè demand azil si ou rive nan yon pò antre terès esi ou **genyen yon visa valid oswa yon dokiman voyaj** ki pèmèt ou antre Kanada, li kapab tou yon pèmi etid oswa yon pèmi travay valid, oswa si ou soti nan yon peyi ki pa bezwen viza pou antre Kanada.

Si ou vini **pa avyon oswa pa bato ou pap eskli nan eksepsyon sekirite twazyen peyi a**, ou ka komanse aplikasyon demand azil la a mwens ke yo refize'w stati refijye ya etazini e wap fofile antre Kanada lè etazini fin baw lèt depòtasyon.

Fè yon demand azil nan yon pò fwontalyé Kanada

Si yo otorize ou pou antre Kanada anba eksepsyon an oswa si ou rive nan yon ayewopò oubyen si ou rive nan yon pò maritim, gen yon **ofisye ki ap pase'w yon intèvyou** kou'w rive, e lap decide si ou ka aplike pou stati refijye a (lap decide si ou kalifye pou fè yon **demand azil**).

Ofisye ya tou ka pèmèt ou fè demand azil la menm moman an oswa otorize'w antre Kanada e mande'w pou ou retounen pou yon antrevi yon lòt jou. Ofisye a kapab tou mete'w nan prizon poul ka rasamble plis infòmasyon.

Kèk rezon ki ka intèdi'w pou fè demand azil la:(1) Si ou gen stati refijye nan yon lot peyi eke ou ka retounen nan peyi saa oswa (2) Ou te deja fè yon demand azil Kanada eke demand sa a yo te refizé'w li, dosye a te abandone, oswa yo pat pèmèt ou kontinye pwosesis la oswa tou(3) ou se yon moun ki pa kalifye, yo wè ou se yon menas pou sekirite peyi ya oubyen ou te komèt krim grav.

Si ofisye ya pèmèt ou fè demand azil la, lap ba ou **yon dokiman demand azil proteksyon refijye** ke ou ka itilize pou swen lasante, oubyen ou ka mande byenèt sosyal avèk li, ou ka aplike pou pèmi travay avèk li tou.

Yo ap ba ou yon lòt fòm enpòtan ki rele **demand de baz**. Prepare'w. **Wap gen 15 jou** pou ranpli fòm saa, epi pou asire'w ke ou voyel nan biwo imigrasyon an. Chache èd pou konplete fòm lan siw ka jwenn anplis asire'w ke ou mete tout infòmasyon nesèsè de demand ou an.

Antre Kanada yon lot kote ke pa pò antre yo.

Anpil moun antre Kanada pa vwa terès men ki pa yon chemen nòmal oswa yon fwontyè ofisyèl, **Sa pa ilegal non men yo ka arete'w**. Si ou rive nan gadavi lapolis oswa imigrasyon an fème'w lè'w fin rive Kanada, menm moman an di yo si ou santi'w an danje nan peyi dorijin ou.

Yon fwa ou Kanada ou ka pase pa nimpòt ofisye ki nan sèvis fwontyè Kanada nan biwo imigrasyon refijye yo oubyen nan nimpòt biwo imigrasyon sitwayènte Kanada pou fè demand azil la legalman (www.cic.gc.ca). Yap ba ou yon pakèt fòm nan biwo sa a. Jiskaske ou retounen nan biwo a avèk fòm yo ranpli ou pap ka jwen laswenyaj, sèvis sosyal, ou pap ka aplike pou pèmi travay. **Sa rele reklamasyon enteryè.** Prepare'w byen pakse fòm sa yo ap vin fè pati de demand de baz ou a, moun kap pran dezisyon nan dosye azil ou a ap gen pou konsilte'l tou.

Pwoteje tèt ou

Kelkeswa sa ou di ofisye imigrasyon (ajan sèvis fwontyè Kanada) e men'm lapolis ap fè pati de dosye demand azil ou a, yo ka men'm poze'w kesyon sou li aprè, lè wap gen pou pale nan odyans azil ou an. Eseye mete tout detay a pwopo de laperèz ak krent ou genyen pou retounen nan peyi dorijin ou. Lè ou bay infòmasyon ki gen manti ladan ak lè ou kite kesyon san repons sa ka gen repèkasyon sou dosye'w la nan aprè.

Fok ou pran yon avoka oswa yon konsiltan imigrasyon ki lisansye pou ede'w konplete fòm yo ak aplikasyon azil la. Gen avoka ak konsiltan imigrasyon ki gen movèz fwa, ki pa serye pou sa eseye jwen yon avoka ki gen bon renome oswa konsilte yon ajans kominotè. Ou ta sipoze pale avèk yon avoka avan menm ou voyaje. W'ap kapab tou jwenn asistans legal gratis yon pwogram ki rele Èd Jiridik kou'w rive Kanada.

Si moun ki ap ede'w travèse ya se peye ou peye'l yo ka mete dosye kriminel oubyen lòt chay imigrasyon sou do li. Moun yo ki ap ede moun travèse fwontyè yo dwe asire yo ke yo fè sa de fason imanité san okenn benefis materyèl an retou. Si wap ede refijye antre Kanada chache èd legal.

Yo ka lage'w nan yon zòn izole nan Kanada yon zòn ki pa gen kay, kote'w pap jwenn sipò. Nan sezon ivè, (soti nan mwa oktòb pou rive nan mwa avril nan kèk kote Kanada) ou ka soufri problem sante grav si ou pase anpil tan deyò nan freda. Pote anpil rad cho, manje avèk dlo, asire'w ke men'w ak pye'w byen cho, pote telefòn ou, asire ou ke li ka fè apèl itinerans. Siw gen ijans ou ka rele 911 Kanada, men sa vle di lapolis ka vini tou.

Gen plis infòmasyon sou pwosesis azil kanada :

<http://refugee.cleo.on.ca/refugee-claim-flowchart>

Telechaje e afiche'l an kankite. Ou gen kesyon voye yon kouryèl nooneisillegal@riseup.net.

Gid legal sa'a limite pou lalwa refijye Kanada ki se sistèm legal dominan ke demandè azil yo fè fas. Nou mande nouvo arivan yo pou yo komprann ke kanada se yon peyi natif natal.